



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 18/10/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOPOZISYON NOUVO RÈGLEMAN KI POU ASIRE
KONSIDERASYON RISK AK REYABILITASYON PANDAN DESIZYON LIBÈTE
KONDISYONÈL YO**

***Règleman Ki Pwopoze yo Delibere sou Apèl Eta de Eta Gouvènè Cuomo an pou
Pi Plis Transparans Nan Pwosesis Libète Kondisyonèl yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a pwopozisyon pou nouvo règleman yo ki pral ekzije komisè Komite Libète Kondisyonèl Eta New York lan (New York State Board of Parole) yo pou konsidere alafwa risk aktyèl yon prizonye pou sekirite piblik lan ansanm ak pwòp nesosite endividi an, menm jan ak bay eksplikasyon pou dekouvèt sa yo, anvan yon pran nenpòt desizyon pou liberasyon moun nan. Règleman ki pwopoze yo, ki aktyèlman disponib nan [Rejis Leta \(State Register\)](#) pou kòmantè piblik, yo konstwi sou demann Gouvènè Cuomo an pandan Eta de Eta (State of the State) li an pou ogmante transparans nan pwosesis pou pran desizyon Komite Libète Kondisyonèl lan.

“Konfyans nan sistèm jistis kriminel lan li primòdyal, epi nouvo règleman sa yo pral ede ogmante transparans, jistis, ak responsabilite nan pwosesis libète kondisyonèl lan”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Ouvri pwosesis Komite Libète Kondisyonèl pou pran desizyon yo, epi etabli nouvo direktiv sans komen sa yo pral ede asire ke travay sila yo k’ap eseye reyabilite lavi yo pa pase kòm inapèsi, epi asire ke sila yo ki toujou reprezante yon menas piblik kontinye rete nan prizon.”

Si yo adopte yo, règleman ki pwopoze yo pral ekzije pou detèminasyon liberasyon Komite an enkòpore nòt evalyasyon risk ak nesosite aktyèl prizonye an ki rele Koreksyonèl Pwofil Jesyon Delenkan pou Sanksyon Altènatif (Correctional Offender Management Profiling for Alternative Sanctions). Si komite a ekate yo de nòt sa, yo dwe espesifye rezon ki fè yo fè sa, apre yo fin diskite sou chak faktè ki aplikab yo, ki enkli konpòtman aplikan nan prizon an ak gravite enfraksyon an nan rejis lan. Si yo refize lage moun lan, Komite an dwe eksplike rezon yo ak tèm faktyèl ki endividyalize, ki pa konklizif.

An plis, règleman yo pral òdone Komite an pou konsidere koupabilite ki diminye an akòz laj yon moun nan moman krim lan, epi pou konsidere nenpòt kwasans ak matirite ke moun nan demontre depi lè enfraksyon an, lè y’ap konsidere moun sa yo k’ap pije yon pèn maksimòm santans a pèpetyite pou krim ke yo te komèt lè yo te gen mwens ke 18 an. Konsiderasyon sa yo ekzije pa jirispridans aktyèl Tribinal Siprèm Etazini an konsènan moun k’ap fè fas a pèn prizon a pèpetyite pou krim ke yo te komèt antan ke yon adolesan.

Tina Stanford, ki se Prezidan Komite Libète Kondisyonèl lan (Board of Parole), te deklare, “Komite Libète Kondisyonèl lan angaje nan fè swit a vizyon Gouvènè Cuomo an pou amelyore transparans lè n’ap pran desizyon ki nan pi bon enterè sekirite piblik

lan ak pou moun k'ap chèche liberasyon an. Yo ekzije pou Komite an devlope pwosedi pa mwayen ekri ki enkòpore prensip risk ak nesese yo, epi nouvo règleman sa yo demontre angajman pèmanan nou nan swiv prensip sa yo nan desizyon liberasyon nou yo.”

Glenn E. Martin, Prezidan, JustLeadershipUSA, te deklare, “Nouvo règleman yo ke Komite Libète Kondisyonèl lan te adopte yo reponn a demann depi lontan pou pi gwo jistis ak responsabilite nan pwosesis pou pran desizyon yo. Règleman sans komen sa yo se yon premye pa annavan enpòtan pou gen yon sistèm jistis kriminel ki pi jis nan Eta New York, pou alafwa Nouyòkè viktim yo ak sa ki enkasere yo.”

Anthony Thompson, ki se Pwofesè nan New York University School of Law, te deklare, “Desizyon pou itilize zouti syantifik yo epi pou ogmante transparans reprezante son politik jistis kriminel lan. Chanjman sa yo nan pwosesis odyans libète kondisyonèl lan distenge eta a sou plan nasyonal.”

Joanne Page, ki se CEO Fortune Society, te deklare, “Mwen aplodi chanjman ki pwopoze an nan règleman Komite Libète Kondisyonèl yo. Pandan twò lontan, moun ki pa poze risk aktyèl pou sosyete an te enkasere pandan plis lane ke santans minimòm yo an, ki gen depans resous imèn imans epi ki pa nesese ak depans finansye pou yo menm, moun ki renmen yo an yo, ak moun ki peye enpo yo. Chanjman yo pwopoze yo pral bay yon fondman ki pi konsistan, pi jis, ki baze sou evidans epi ki transparan pou desizyon libète kondisyonèl yo, epi se yon avansman ke yo bezwen epi apresye anpil pou vanse nan yon sistèm jistis kriminel ki pi jis.”

Elizabeth Gaynes, ki se Direktris Ekzekitif Osborne Association, te deklare, “Nan yon gwo pa annavan, nouvo direktiv sa yo mande komite libète kondisyonèl lan pou fè konsiderasyon espesyal pou sila yo ki komèt krim antan ke adolesan, nan respekte syans ki pwouve sa ke chak paran konnen: ke ‘karakteristik prensipal jenès yo gen ladan imatirite, enpilsivite, yon echèk nan reyalize risk ak konsekans yo’, epi rekonèt ke karakteristik prensipal granmoun yo gen tandans enkli jistis ak padon pou sila yo ki demontre gwo nòt pou reyalizasyon enstitisyonèl yo, ak ti risk piti pou komèt krim nan fiti.”

Seymour James, ki se Direktè Ekzekitif Legal Aid Society, te deklare, “Legal Aid Society akeyi chanjman sa yo nan règleman yo k'ap gouvène desizyon liberasyon yo ke Komite Libète Kondisyonèl Eta New York lan ap pran. Nouvo règleman sa yo pral enkòpore yon eleman fondamantal epi ki apresye pou bon jan gouvènans: transparans. Règleman yo tou pwomouvwa plis desizyon liberasyon ki balanse nan ekzije manm Komite yo itilize yon zouti evalyasyon risk ak nesese yo, olye pou yo konte senpleman sou plis faktè sibjektif yo konsènan nati enfraksyon an. Finalman, nouvo règleman sa yo kodifye lwa dosye federal ak leta aktyèl yo nan ekzije Komite an pou konsidere karakteristik jenès k'ap chanje an nan detèmine liberasyon kondisyonèl adolesan yo k'ap pije pèn santans a pèpetyite yo. Chanjman sa yo se yon gwo pa nan kreye yon pwosesis ki pi jis epi pi transparan pou kliyan nou yo ki enkasere, pou kapab reyalize yon retou nan kominote yo an.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418